# Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги командасы биринши орынды ийеледи

Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл етилгенине 28 жыл толыўы мүнәсибети менен усы жылдың 5-декабрь күни Нөкис қаласы ҳәкимлигиниң басламасы менен мәкеме ҳәм шөлкемлердеги ҳаял-қызлар арасында спорттың "волейбол" түри бойынша жарыс болып өтти.

Жарыста 8 команда қатнасты.

Қызғын беллесиўлерге бай болған жарыста Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң ҳаял-қызлар командасы сыйлы 1-орынды ийеледи.

Жеңимпазларға шөлкемлестириўшилер тәрепинен таярланған саўғалар тапсырылды.

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы ИИБ Мәлимлеме хызмети